

- Ou prale lakay ou avèk preskripsyon pou medikaman pou doulè pou pran nan bouch. Ou ka pran medikaman sa yo si li nesèsè nan premye dezoutwa semèn apre operasyon ou pou doulè ou santi nan ensizyon an.
- Pa pran okenn medikaman san preskripsyon (sa doktè pa preskri ou) – tankou vitamin, remèd fèy, ak sipleman – san ou pa konsilte “Gid pou Medikaman san Preskripsyon”. Tanpri rele ekip grèf ou si ou gen kesyon.
- Pa janm sispann pran medikaman anti-rejè ou epitou pa janm ajiste dòz la san ou pa pale sou sa anvan avèk planifikatè grèf ou oswa doktè ou. Si ou vomi apre ou pran grenn ou yo epi ou pa wè okenn medikaman nan vomi an, pa pran dòz yo ankò. Si ou wè medikaman ou yo, ou kapab eseye pran grenn yo ankò. Si vomisman an kontinye, rele Planifikatè Grèf ou.

- Ale avèk kat medikaman ou nan chak vizit w ap fè nan klinik lan yon fason pou yo note tout chanjman yo nan kat medikaman an avèk kreyon.

Swen Sipleman

- W ap bezwen wè youn nan doktè ou yo chak semèn pandan pwochen 6 mwa yo. W ap resevwa premye sis mwa randevou sipleman ou yo nan moman egzeyat la. W ap bezwen fè tès nan laboratwa de fwa pa semèn pandan sis semèn nan premye peryòd sa a apre grèf la.

Li enpòtan anpil tou pou ou resevwa bon swen sante woutin epi pou ou pran sèten prekosyon lè w ap resevwa swen sante. Tanpri konsilte seksyon enpòtan an sou Lòt Pwofesyonèl Swen Sante ki nan Klasè Grèf ou.

Siy danje

- Pafwa ou kapab gen konplikasyon. Selon kalite operasyon ou te fè a, tanpri siveye “siy danje” ki endike anba la yo. Si ou gen nenpòt nan siy sa yo, tanpri rele Planifikatè Grèf ou touswit. Pandan lè biwo fèmen, gen yon moun ki disponib 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn pou rele nan nimewo 617-632-9700. Operatè bipè a ap kontakte RN (enfimyè diplome) ak MD (doktè) ki desèvis la pou ou. Pou ijans yo, tanpri rele 911.

Grèf Ren Fwa, oswa Pankreyas

- si tanperati kò ou monte a 101 degre oswa pi wo
- si ou gen dyare, kèplen, lakranp nan lestomak oswa vomisman ki grav
- si po kò ou vin wouj, anfle oswa si ou gen doulè toutotou ensizyon an
- si ou remake pi wouj fonsè oswa ki gen move odè k ap soti nan maleng lan
- si ou gen nouvo kòmansman anflamasyon nan figi, men, oswa pye, epi/oswa si ou gen souf-kout
- si ou gen sentòm ki sanble ak grip, tankou frison, doulè nan jwenti, ou santi ou fatige anpil
- si ou gen pwoblèm pou pipi,, tankou doulè, brili oswa ou pipi anpil fwa souvan
- si nivo sik nan san ou pi wo pase 400 400 (si ou jwenn egzeyat nan lopital la sou ensilin, tanpri konsilte dokiman ou te resevwa nan men enfimyè pasyan ki entène.)
- si ou gen tous pwodikatif ki asosye avèk lafyèw oswa frison
- si ou gen souf-kout ki asosye avèk doulè nan pwatrin (rele 911)

Grèf Fwa

- ou ka pa gen okenn sentòm yon rejè grèf fwa a ditou

Grèf Ren

- anflamasyon nan men oswa nan figi
- diminisyon nan kantite pipi ou fè
- sansiblite sou ren an

Grèf Pankreyas

- nenpòt chif nivo sik nan san ou ki depase 200
- sansiblite sou pankreyas la

Transplant
Institute



Beth Israel Deaconess
Medical Center



Enstriksyon Jeneral pou Egzeyat

Videyo Edikasyon pou Pasyan k api Resevwa Grèf

Komite Edikasyon BIDMC sou Grèf ta renmen fè ou konnen gen yon resous edikasyonèl ki la pou ou ak moun k ap ba ou sipò. Nou ankouraje moun k ap pran swen ou, oswa moun ki te resevwa yon grèf pou yo gade DVD a nan lopital la epi/oswa pou yo ale sou Sitwèb BIDMC Transplant Institute nan adrès ki endike anba la a epi pou yo klike sou antèt ki gen tit “ Transplant Patient Education Videos” (videyo edikasyon pou pasyan ki resevwa grèf):

www.bidmc.org/transplantvideos

An Nou Pale osijè Grèf: Ladrès pou Siviv pou Lavi avèk Nouvo Ògàn ou

Objektif videyo sa a se pou ba ou “ladrès pou siviv” pou retounen lakay ou apre ou resevwa grèf ou. Nou ankouraje ou pou gade sesyon sa yo avèk fanmi ou ak zanmi ou. Kèk nan sijè ki nan videyo a se enstriksyon jeneral pou egzeyat apre operasyon, medikaman, ak sa pou manje apre grèf la pou tout moun ki resevwa grèf ògàn solid.

Nou kreye pwogram sa a pou fè aprantisaj ou vin pi fasil pou ou. Pwogram nan pa gen tout detay yo ladan. Li la pou itilize anplis klasè edikasyon pou pasyan ki resevwa grèf, “Fason pou Pran Swen Grèf ou,” ak edikasyon ekip grèf ou ba ou. Ekip ou gen ladan doktè medikal ak chirijyen, enfimyè, famasyen, travayè sosyal epi nan anpil ka, nitrisyonis, espesyalis terapi fizik ak lòt pwofesyonèl medikal.

Ekip grèf ou swete ba oryantasyon ak sipò pou ou ak fanmi ou pandan w ap fè pwogrè nan pwosesis grèf ou.

Tanpri sonje pou rele planifikatè grèf ou pou kesyon oswa enkyetid ou ka genyen. Mèsi pou atansyon ou. Nou swete ou tout sa ki pi bon!

Komite Edikasyon BIDMC sou Grèf

**Pou bezwen 24 èdtan pa jou ak 7 jou pa semèn, tanpri kontakte Transplant Institute
Lowry Medical Office Building, 7yèm etaj
110 Francis Street, Boston, MA 02215
617-632-9700**

Apresyè Operasyon Grèf Ou

Fèy sa revize kèk kesyon oswa enkyetid komen oumenm oswa fanmi ou ka genyen apresyasyon grèf ou. Si ou gen lòt kesyon oswa si ou pa konprann yon bagay konsènan operasyon ou, tanpri rele kowòdonatè enfimyè ou.

Fason pou Kontinye Rekipasyon Ou

“Klasè Grèf” sa a gen anpil enfòmasyon detaye sou fason pou rekipere ou apresyasyon grèf ou. Tanpri pran yon ti tan pou li enfòmasyon yo. Yon manm fanmi ou oswa yon lòt moun ki ede ou lakay ou ka vle li enfòmasyon yo tou. Men kèk nan pwen enpòtan pou sonje pou ou kapab rekipere ou san pwoblèm:

- W ap bezwen gen yon tansyomèt, yon tèmomèt, ak yon balans lè w ap prepare pou egzèyat ou.
- Mezire pwa kò ou epi mezire tanperati kò ou ak tansyon ou anmenmtan chak jou. Ekri rezilta yo nan dosye jounalye ou. Rele doktè ou si tanperati kò ou se 101 oswa pi wo, oswa si pwa kò ou ogmante a plis pase 3 liv nan 2 jou.
- N ap fè ou konnen si w ap bezwen tcheke nivo sik yo nan san ou epi/oswa si pou ou pran ensilin. Pasyan ki resevwa grèf fwa ap bezwen pran prednisonèzòn pou apeprè 2 mwa apre grèf la. Kèk pasyan ki resevwa grèf ren ka bezwen pran prednizòn apre grèf la tou. Prednizòn kapab lakòz nivo sik yo ogmante nan san an.
- Sonje pou rele planifikatè grèf ou si ou gen siy vital ki pa nòmal oswa si nivo sik yo wo nan san ou.
- Planifye davans. Pou asire ou pa janm manke medikaman anti-rejè. Li pi bon pou rele famasyon ou 5-7 jou davans pou medikaman ou yo ka toujou nan estòk ak pare anvan yo fini.
- Rele Planifikatè Grèf ou, Lendi – Vandredi pandan lè biwo louvri pou renouvle medikaman ou yo. Men, si ou bezwen renouvle yon medikaman nan jou wikenn pou medikaman anti-rejè ou, tanpri kontakte Planifikatè Grèf ou ki Desèvis - pa rete tann jiska Lendi. Sa pou sonje- pafwa li difisil pou jwenn medikaman sa yo san preskripsyon nan jou wikenn akòz pwoblèm avèk asirans. PLANIFYE DAVANS.
- Fè doktè ou konnen touswit si ou pa kapab pran medikaman ou. Pa egzanp si ou gen kèplen

oswa si gen yon lòt rezon ki fè ou pa kapab pran medikaman ou, fè doktè ou konnen sa imedyatman.

- Si ou dwe rete toupre yon moun ki anrimen oswa ki gen grip, sonje pi bon fason pou evite ou pran jèm yo se lave men ou souvan. Oumenm ak moun ki malad la ta dwe lave men nou souvan, swa avèk savon ak dlo, oswa – si pa gen salte ki vizib nan men ou – lave men nou avèk yon dezenfektan men abaz alkòl.
- Pa fimen. Fimen ap fè li vin pi fasil pou ou gen yon enfeksyon respiratwa epitou l ap fè li pi fasil pou yon nouvo ogàn ou vin an defayans pidevan.
- Si ou bezwen nenpòt iminizasyon, (pou vwayaj oswa pou swen woutin), sonje pou pa pran nenpòt iminizasyon ki gen “viris aktif” ladan. Doktè oswa enfimyè ki ba ou iminizasyon an ap kapab fè ou konnen si li genyen oswa pa genyen viris aktif ladan. Toujou pran kontak avèk ekip grèf ou.
- Ou pa ta dwe pran okenn vaksen nan 3 mwa apre grèf la epi/oswa nan 3 mwa apre tretman yon epizòd rejè. Nou ankouraje ou pou pran enjeksyon vaksen anyèl la pou grip imedyatman gen 3 mwa ki pase apre ou resevwa grèf la.
- Ou ka gen sèten restriksyon dyetetik tou. Tanpri konsilte seksyon nitrisyon ou pou jwenn gid dyetetik yo. Akòz medikaman ou, li pi fasil pou ou gen enfeksyon nan sous alimantè yo.
- Li enpòtan pou pale avèk doktè ou konsènan si ou kapab bwè alkòl. Moun ki te resevwa yon grèf fwa pa kapab bwè alkòl ditou paske sa ka domaje nouvo grèf fwa ou. Moun ki te resevwa yon grèf ren oswa yon grèf pankreyas kapab bwè yon bwason abaz alkòl okazyonèl apre twa mwa. Toujou kontakte doktè ou.

Pa manje chadèk oswa pa bwè ji chadèk, paske sa kapab gen konsekans sou fason medikaman yo ou pran pou grèf la travay nan kò ou.

Aktivite

- Pa kondi machin jouk lè ou sispann pran medikaman pou doulè epitou jiskaske ou santi ou kapab reponn nan yon ijans.
- Ou ka monte eskalye.
- Ou ka ale deyò. Evite vwayaje sou distans long.

- Pa leve bagay ki peze plis pase 10-15 liv pandan 6 semèn. (Se apeprè pwa yon malèt oswa yon sachè manje angwo.) Sa aplike pou leve timoun, men yo ka chita sou jenou ou.
- Ou ka kòmanse egzèsis fizik lejè lè ou santi ou alèz. Konsilte seksyon ki nan klasè ou sou Gid pou Aktivite pou jwenn plis enfòmasyon.
- Nan pifò ka yo, pa gen pwoblèm pou pratike natasyon apre 4 a 6 semèn depi ensizyon an geri nèt. Anvan ou naje, tanpri kontakte ekip grèf ou pou asire pa gen pwoblèm pou fè sa.
- Ou ka kòmanse egzèsis fizik difisil apre 6 semèn, men itilize bon sans ou epi ale dousman okòmansman.
- Ou ka rekòmanse aktivite seksyèl kèlkeswa lè ou santi ou pare pou sa.
- Pou nenpòt moun, si ou pase anpil tan nan solèy sa kapab lakòz ou gen kansè po. Medikaman w ap pran yo kapab fè li pi fasil pou ou gen kansè nan konsekans nuizib ki genyen lè ou ekspoze nan solèy. Evite pase peryòd tan long nan solèy. Lè ou nan solèy la, itilize filtè solèy toutan. Mete yon chapo ki gen arebò laj ak rad manch long.

Fason Ou Ka Santi Ou

- Ou ka santi ou fèb oswa “pal” pandan 6 semèn. Ou ta ka vle kabicha souvan. Aktivite senp yo ka epuize ou.
- Ou ka gen gòj irite akòz yon tib ki te nan gòj ou pandan operasyon an.
- Ou ta ka gen pwoblèm pou konsantre oswa difikilte pou dòmi. Ou ta ka santi ou deprime.
- Ou ka remake ou pa gen apeti oswa manje pa gen menm gou. Sa asosye avèk nouvo medikaman yo. Sa ap pase nan kèk semèn.
- Tout sansasyon ak reyaksyon sa yo se bagay ki nòmal epi yo prale nan yon tan kout. Si yo pa ale, fè enfimyè oswa doktè ou konnen sa.

Ensizyon ou

- Ensizyon ou ka wouj apèn toutotou pwen kouti yo oswa agraf yo. Se yon bagay ki nòmal.
- Ou ka retire nenpòt matyè sèch toutotou ensizyon ou.

- Si ou gen adeziv steri-strips (adeziv papye mens ki ta ka sou ensizyon ou, pa retire yo pandan 2 semèn. Men si yo tonbe anvan sa, pa gen pwoblèm.
- Li nòmal pou santi yon arebò ki sere toutotou ensizyon an. Sa prale.
- Ou ka gen ensansiblite toutotou ensizyon an. Se yon bagay ki nòmal.
- Evite ekspoze zòn ensizyon an dirèkteman nan solèy pandan 6-12 mwa.
- Pa itilize okenn pomad oswa poud sou ensizyon an sof si doktè ou di ou ka fè sa.
- Ou ka senti yon ti kantite fliyid klèrèt oswa lejè ki tache pansman ou oswa rad ou. Si tach la grav, tanpri rele Planifikatè Grèf ou.
- Ou ka benyen nan douch. Pa tranpe kò ou nan benywa jouk lè maleng ou geri nèt ak lè li fèmen. Tanpri kontakte enfimyè ou si ou gen kesyon.
- Nan pwochen 6-12 mwa yo, ensizyon ou ap disparèt epi l ap vin mwen vizib.

Entesten ou yo

- Konstipasyon se yon reyaksyon negatif komen medikaman tankou Percocet oswa codeine. Si li nesesè, ou ka pran medikaman pou fè pou pou vin mou oswa yon laksatif Tanpri konsilte “Gid pou Medikaman san Preskripsyon” ki nan Klasè Grèf ou.
- Si ou gen difikilte oswa doulè pou fè pou pou, tanpri rele Planifikatè Grèf ou.
- Si ou gen dyare, pa pran medikaman anti-dyare. Bwè anpil likid men evite Gatorade oswa lòt sipleman elektwolit paske bwason sa yo kapab lakòz anòmalite laboratwa ki grav. Si dyare a pa soulaje nan 1-2 jou, tanpri rele Planifikatè Grèf ou.

Medikaman yo

- Swiv orè pou pran medikaman ou jan li endike nan kat medikaman yo te ba ou nan lopital la. Pa pran medikaman ou te konn pran yo si yo pa nan nouvo orè pou pran medikaman ou. Si ou pa byen konnen ki medikaman pou pran oswa pou pa pran, rele planifikatè grèf ou. Ou bezwen aklè anpil sou ki medikaman pou pran ak lè pou pran yo.